



Lisans Chofè Komèsyal

Sètifikasyon Medikal Pèsonèl

Sètifika Egzaminatè Medikal Obligatwa

Kategori A - Entè-eta ki pa Egzante:

Chofè a ap kondi oswa li gen entansyon kondi nan komès entè-eta, epi li obligatwa pou li gen yon sètifikasyon medikal federal ki valid.

(Sètifika Egzaminatè Medikal la obligatwa epi se yon founisè swen sante ki dwe voye li pa vwa elektwonik.)

Komès entè-eta vle di kondi yon machin motè komèsyal (CMV) pou transpòte machandiz oswa pasaje kote ou travèse fwontyè yon eta, oswa kondi yon CMV pou nenpòt pòsyon nan yon chajman dirèk ki soti nan yon lòt eta oswa kap antre nan yon lòt eta, menmsi chofè sa a ka pa travèse yon fwontyè pèsonèlman. Tout chofè CDL ka oto-sètifye nan Kategori A si yo gen yon sètifika ki valid epi yo pa limite nan operasyon anndan eta a (antra-eta) jan sa dekri nan Kategori C anba a.

Chofè k ap kondi nan komès entè-eta kounye a epi ki pa egzante anba sètifikasyon medikal federal (Kategori B), fòk yo oto-sètifye nan kategori A.

Kategori C - Antra-eta ki pa Egzante:

Chofè a ap kondi oswa li gen entansyon kondi sèlman nan komès antra-eta (anndan eta a), epi li obligatwa pou li ranpli kondisyon sètifikasyon medikal Eta Florida a.

(Sètifika Egzaminatè Medikal la obligatwa epi se yon founisè swen sante ki dwe voye li pa vwa elektwonik.)

Komès antra-eta vle di kondi yon CMV pou transpòte machandiz oswa pasaje san ou pa travèse fwontyè eta, epi li pa pou okenn pòsyon nan yon chajman dirèk ki soti nan yon lòt eta oswa kap antre nan yon lòt eta. Chofè yo ka oto-sètifye nan kategori sa a si yo kondi CMV sèlman nan komès antra-eta. Yo konseye chofè kap kondi sèlman nan komès antra-eta pou yo konsidere oto-sètifye nan kategori entè-eta ki pa egzante a (Kategori A) si yo kalifye. Lalwa nan Leta Florida mande pou pifò chofè kap kondi nan komès antra-eta, ladan yo pifò chofè otobis lekòl, pou yo gen yon sètifika ki ranpli tou kondisyon federal yo pou komès entè-eta. Chofè kap kondi sèlman nan komès antra-eta epi ki pa kalifye pou oto-sètifye nan Kategori A gen ladan chofè ki poko gen 21 ane ak chofè ki gen sèten kondisyon medikal ki pa gen yon varyasyon medikal federal bay.

NÒT: Chofè ki gen yon CDL pa kapab reklame egzansyon anba kondisyon sètifikasyon medikal yo ankò tou senpleman paske yo pa nan aktivite kondi nan komès entè-eta oswa antra-eta ki pa egzante pou kounye a.

Si sityasyon w pa antre direktman nan Kategori B oswa D, ou dwe kenbe sètifikasyon medikal ou an règle oswa ou dwe desann klas patant ou a pou w pran yon lisans ki pa komèsyal. Si ou oto-sètifye nan yon kategori ki egzante anba kondisyon sètifikasyon medikal (Kategori B oswa D) epi apre sa ou chanje pou w fè yon kalite travay ki pa egzante (Kategori A oswa C), ou dwe re-sètifye nan kategori ki apwopriye a epi pwofesyonèl swen sante w la dwe voye yon sètifikasyon medikal ki valab elektwonikman pou evite penalite oswa sanksyon legal. Restriksyon Antra-eta a (Intrastate restriction) ap parèt sou lisans chofè a si chofè a oto-sètifye nan yon kategori antra-eta, si chofè a gen mwens pase 21 ane, oswa si li pa ranpli nòm federal yo ki mande pou yon moun wè omwen 20/40 nan chak je avèk pi bon koreksyon (lunèt oswa lantiy).

Komès entè-eta (Interstate commerce) vle di kondi yon machin motè komèsyal (CMV) kap transpòte machandiz oswa pasaje ki depase fwontyè leta yo.

Komès antra-eta (Intrastate commerce) vle di kondi yon machin motè komèsyal (CMV) kap transpòte machandiz oswa pasaje san li pa janm janbe fwontyè yon lòt leta.



Lisans Chofè Komèsyal

Sètifikasyon Medikal Pèsonèl

Sètifika Egzaminatè Medikal la PA Obligatwa

Kategori B - Entè-eta ki Egzante:

Chofè kap kondi oswa li gen entansyon kondi nan komès entè-eta, men li fè sèlman kalite travay ki bay chofè a dwa pou li egzante anba kondisyon pou li ta gen yon Sètifika Egzaminatè Medikal federal.

Chofè yo ka oto-sètifye nan kategori sa a si yo kondi CMV nan komès entè-eta, men se sèlman nan sitiasyon sa yo:

- Kondi pou yon ajans gouvènman federal, leta, oswa gouvènman lokal.
- Transpò okazyonèl yon moun fè pou pwopriyete pèsonèl li, san li pa touche lajan pou sa epi san se pa pou devlope yon antrepriz komèsyal.
- Transpò pasaje malad oswa kadav moun.
- Operasyon ijans.
- Rekòt koutim (Sèvis rekòt agrikòl sou kontra).
- Apikilti (Elvaj mouch siwo / gèp siwo).

Chofè ki oto-sètifye nan Kategori B yo pap bezwen gen yon sètifikasyon medikal ki valab pou yo ba yo CDL yo oswa pou yo konsève li.

Kategori D - Antra-eta ki Egzante:

Chofè a ap kondi oswa li gen entansyon kondi sèlman nan komès antra-eta, men li fè sèlman kalite travay ki bay chofè a dwa pou li egzante anba kondisyon Sètifika Egzaminatè Medikal Leta Florid la. Chofè yo ka oto-sètifye nan kategori sa a si yo kondi CMV sèlman nan komès antra-eta, epi sèlman nan sitiasyon sa yo:

- Transpòte pwodwi agrikòl oswa pwodwi forè ant fèm nan (oswa kote yo fè rekòt la) ak yon mache (oswa premye kote yo sere pwodwi yo).
- Kondi CMV ki pou konpayi elektrisite oswa konpayi telefòn nan yon reyon 200 mil alantou kote machin nan baze a.
- Kondi otobis lekòl prive ki gen plas pou mwens pase 24 pasaje.
- Kondi kòm yon chofè/mashann nan yon reyon 100 mil alantou espas travay ou, si kondi CMV a se pa travay prensipal ou (se yon travay segondè), epi sou kondisyon ou pa gen okenn enfraksyon wout (tikè) nan twa (3) dènye ane yo.

Chofè ki oto-sètifye nan Kategori D yo pap bezwen gen yon sètifika ki valab pou yo ba yo CDL oswa pou yo konsève li.

NÒT: Chofè ki gen yon CDL pa kapab reklame egzansyon anba kondisyon sètifikasyon medikal yo ankò tou senpleman paske yo pa nan aktivite kondi nan komès entè-eta oswa antra-eta ki pa egzante pou kounye a.

Si sitiasyon w pa anre direktman nan Kategori B oswa D, ou dwe kenbe sètifikasyon medikal ou an règle oswa ou dwe desann klas patant ou a pou w pran yon lisans ki pa komèsyal. Si ou oto-sètifye nan yon kategori ki egzante anba kondisyon sètifikasyon medikal (Kategori B oswa D) epi apre sa ou chanje pou w fè yon kalite travay ki pa egzante (Kategori A oswa C), ou dwe re-sètifye nan kategori ki apwopriye a epi pwofesyonèl swen sante w la dwe voye yon sètifikasyon medikal ki valab elektwonikman pou evite penalite oswa sanksyon legal. Restriksyon Antra-eta a (Intrastate restriction) ap parèt sou lisans chofè a si chofè a oto-sètifye nan yon kategori antra-eta, si chofè a gen mwens pase 21 ane, oswa si li pa ranpli nòm federal yo ki mande pou yon moun wè omwen 20/40 nan chak je avèk pi bon koreksyon (lunèt oswa lantiy).

Komès entè-eta (Interstate commerce) vle di kondi yon machin motè komèsyal (CMV) kap transpòte machandiz oswa pasaje ki depase fwontyè leta yo.

Komès antra-eta (Intrastate commerce) vle di kondi yon machin motè komèsyal (CMV) kap transpòte machandiz oswa pasaje san li pa janm janbe fwontyè yon lòt leta.